

BAB V

PANUTUP

Dina ieu bagian ngaguar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékomendasi hasil panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa XC SMA Negeri 19 Bandung taun ajar 2022/2023, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* rata-rata peunteunna nyaéta 51,71 hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang atawa can mampuh. Ieu hal katitén dina rata-rata jumlah peunteun unggal aspék anu masih kurang tina KKM 70, nyaéta, 1) aksara ngalagena 3,46 tina skor maksimal 5 kaasup cukup; 2) aksara sora 2,85 tina skor maksimal 5 kaasup kurang; 3) rarangkén 1,74 tina skor maksimal 5 kaasup kurang pisan; jeung 4) angka 2,28 tina skor maksimal 5 kaasup kurang. Hartina, siswa can maham kana wangun jeung larapna aksara Sunda dumasar kana kaédah-kaédahna anu bener.
- 2) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* taun ajar 2022/2023 rata-rata peunteunna nyaéta 87,7 hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori alus atawa mampuh. Ieu hal katitén dina rata-rata jumlah peunteun unggal aspék anu nyumponan kana KKM 70 nyaéta, 1) aksara ngalagena 4,66 tina skor maksimal 5 kaasup alus pisan; 2) aksara sora 4,71 tina skor maksimal 5 kaasup alus pisan; 3) rarangkén 3,83 tina skor maksimal 5 kaasup alus; jeung 4) angka 4,4 tina skor maksimal 5 kaasup alus. Hartina, siswa geus maham kana wangun jeung larapna aksara Sunda dumasar kana kaédah-kaédahna anu bener.
- 3) Sakabéh aspék mangaruhan kana ngaronjatna kamampuh nulis aksara Sunda, nyaéta 1) aspék aksara ngalagena dina *pretest* kaasup kana katégori cukup kalawan rata-rata peunteun 3,46, sedengkeun dina *posttest* kaasup kana kategori alus pisan kalawan rata-rata peunteun 4,66, 2) aspék aksara sora dina

pretest kaasup kana katégori kurang kalawan rata-rata peunteun 2,85, sedengkeun dina *posttest* kaasup kana kategori alus pisan kalawan rata-rata peunteun 4,71, 3) aspék rarangkén dina *pretest* kaasup kana katégori kurang pisan kalawan rata-rata peunteun 1,74, sedengkeun dina *posttest* kaasup kana kategori alus kalawan rata-rata peunteun 3,83, 4) angka ngalagena dina *pretest* kaasup kana katégori kurang kalawan rata-rata peunteun 2,28, sedengkeun dina *posttest* 4,4 kaasup kana kategori alus.

- 4) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*. Katitén tina rata-rata peunteun *pretest* 51,71, sedengkeun rata-rata peunteun *posttest* 87,7. Béda kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan uji *Paired Sample T-test*. Nilai signifikansi nyaéta 0,000 atawa $<0,05$. Hartina, H_1 ditarima H_0 ditolak ku kituna aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Katitén yén modél *Examples Non Examples* mampuh ngaronjateun kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas XC SMA Negeri 19 Bandung taun ajar 2022/2023.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Examples Non Examples* dina kamampuh nulis aksara Sunda. Larapna ieu modél téh miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna, siswa leuwih aktif sarta interaktif jeung papada baturna. Siswa jadi bisa leuwih mikir kritis sabab ieu modél téh nganalisis jeung ngadéfinisikeun konsép dina gambar anu geus dijieun. Ieu modél gé bisa digunakeun kalawan leuwih éféktif ku sabab pangajaran sacara kelompok dimana siswa diajar sawala dina matotoskeun hiji pasualan.

Dina jalanna ngagunakeun ieu modél téh aya kurangna, nyaéta ngabutuhkeun tatahar jeung kamampuh anu sistematis sangkan bisa milih gambar anu saluyu jeung kompeténsi dasarn. Waktu persiapan gé leuwih loba sabab disajikeun dina wangun gambar.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, aya sawatara rékoméndasi sangkan panalungtikan anu satuluyna bisa leuwih alus sarta aya kamajuan dina prosés diajar jeung ngajar. Rékoméndasina saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Examples Non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Ku kituna, modél *Examples Non Examples* bisa dijadikeun salashiji alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- 2) Dina panalungtikan nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, diantarana: 1) kudu maham kana léngkah-léngkah modél *Examples Non Examples*; 2) ngararancang pangajaran kalawan waktu nu loba, luyu jeung tujuan, bener, sarta sistematis; 3) kudu bisa nyiptakeun kaayaan anu kondusif, positif, jeung sumanget sangkan bisa ngirut siswa; sarta 4) kudu bisa ngokolakeun waktu kalawan éféktif.
- 3) Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep modél *Examples Non Examples* dina pangajaran nulis aksara Sunda atawa pangajaran séjénna sangkan bisa leuwih ngabuktikeun yén hasil pangajaran nulis leuwih alus kalawan maké modél pangajaran, husuna modél pangajaran *Examples Non Examples*.